



Pati 2: Leson 8

## Fè bon tè a travay: Pawòl Bondye a ak oumenm

Tè ki donnen anpil: Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi

---

**Lavi kretyen an se yon relasyon.** Se yon relasyon pèsònèl ant oumenm ak Bondye nou an ki renmen w anpil anpil, epi ki bay prèv lanmou sa lè li te sakrifye lavi L sou lakwa. **Lavi kretyen an se yon lavi pazapa kap kontinye.** Sa ap dire pandan tout lavi w, epi se yon bagay w ap viv chak jou. **Lavi kretyen an se yon lavi dinamik, k ap bouje.** Se yon chanjman lavi paske Lespri Sen an ap transfòme w pou ou kap vin sanble ak Jezi.

Tout relasyon mande anpil tan ak jefò. Grandi nan Levanjil mande tan ak jefò tou. Kòman yon moun kapab rive tabli relasyon pèsònèl sa a ak Bondye? Ki de twa bagay ou ta dwe fè pou ou grandi jou apre jou? Epi kòman w ap kapab viv eksperyans transfòmasyon sa a ? Eksperyans ki chanje lavi sa ? Se lè w ap mache chak jou nan “**disiplin espiyèl**” yo, w ap jwenn tout repons pou kesyon sa yo e pi plis toujou. Disiplin espiyèl yo se sa ou dwe fè lè w travay tè a dekwa pou ou grandi. Menm jan pwovèb annayiti a di sa, “**pitipiti zwazo fè nich**”. Sa yo se aksyon nou dwe fè chak jou, yo enpòtan anpil pou ou remanbre lavi w, pou relasyon w ak lòt yo vin pi djanm, epi pou lavi w kapab transfòme. Bondye ap sèvi ak menm disiplin sa yo pou L rale w vin pi prè L. San disiplin espiyèl sa yo, ou pap ka grandi, w ap pèdi wout, w ap manke fòs.

Li **Labib** ak **lapriyè**, se de disiplin espiyèl sa yo ki pi enpòtan pou pèmèt ou grandi anndan an, nan relasyon w ak Bondye. Menm jan yon pyebwa grandi nan sans vètikal pou l plonje rasin li pi fon anba tè, anmenm tan branch li ap monte pi wo, se konsa tou disiplin sa yo ap pèmèt lavi espiyèl ou vin pi djanm.

## PLAN POU OU GRANDI



Nan leson sa a ou pral aprann pratike disiplin espiyèl ki se li Labib. Ou pral dekouvri:

- 1) Enpòtans pou moun tande epi viv nan pawòl Bondye
- 2) Sa ki fè pawòl Bondye pa gen parèy
- 3) Sa ki fè pawòl Bondye itil
- 4) Fason pawòl Bondye kapab ede nou
- 5) Fason pou etidye pawòl Bondye



Avan w ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye pou L ede w konprann pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans Li, epi tounen moun Li vle ou ye a.

## YON IMAJ KI ESPLIKE KISA PAWÒL BONDYE YE: Moun saj ak Moun fou ki ap konstwi yo (Matye 7:24-29)



Jezi te rakonte istwa sa a ki montre kòman li enpòtan pou tande epi viv pawòl Bondye a.


*Donk, tout moun ki tande bagay sa yo m ap di a epi ki fè yo, m ap konpare yo ak yon nonm ki gen bonsans ki bati kay li sou wòch. Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la. Men, li pa tonbe. Paske, li te bati sou wòch. Men, tout moun ki tande bagay sa yo m ap di a epi ki pa fè yo, ebyen, yo tankou yon nonm fou ki bati kay li sou sab. Epi, lapli tonbe, lavalas desann, van soufle al bat sou kay la, kay la tonbe, epi se yon gwo devas. Konsa, lè Jezi fin di pawòl sa yo, ansèyman l lan te fè fowl moun yo sezi. Paske, se pa tankou pwofesè lahwa yo li t ap anseye yo, men, se tankou yon moun ki gen otorite (Matye 7:24-29).*

***Kisa ki se pi gwo objektif istwa sa a, konsènan moun ki tap konstwi yo?***

***Kisa ou panse lapli ak van an reprezante?***

***Daprè Jezi, ki de fason ou ta dwe resevwa pawòl Li a pou yo ta gade w kòm yon moun saj?***

***Rakonte kòman istwa sa a ede w konprann kisa ou bezwen fè pou ou viv lavi kretyen an.***




**Egzèsis pou reflechi.** Lè ou gen yon ti tan, pran yon ponyen tè nan menw. Pran yon wòch tou, kenbe l nan menw. Epi pran tan byen gade fòs yo ak feblès yo. Poukisa youn ap fè yon fondasyon kay ki fèb, epi lòt la yon fondasyon ki solid? Kounye a reflechi sou tanpèt, difikilte ou konn rankontre nan lavi w. Eske lavi w te kapab diferan si ou te depann de Jezi e si w te swiv anseyman L yo? Esplike Kòman.

## FOUYE PI FON: LI PAWÒL BONDYE



Lè Jezi te fin rakonte istwa a, men sa Labib rapòte: “*ansèyman / lan te fè foul moun yo sezi.*” Pawòl Jezi yo te gen anpil pisans pou transfòme moun. Menm pisans sa ki ka transfòme a, li pare pou tout kretyen jodi a. Bondye te ba nou yon kado espesyal, pawòl li ki te ekri pou nou an, se li menm yo rele Labib la oswa Ekriti sakre a. Bondye Labib la se yon Bondye ki bay nou enfòmasyon sou kiyès Li ye. Bondye vle ou konnen L, e pawòl Li montre ak kisa Li sanble, e kisa ou bezwen konnen pou ou viv nan bon relasyon avèk Li. Ekriti sakre a genyen pisans pou transfòme w, pou dirije w sou wout lavi a, pou ankouraje w lè ou twouble, epi ba ou fòs lè ou santi ou pè. Tout kretyen ki vle vin tounen yon "bon tè" dwe pratike disiplin li Labib toutan.

Ekriti sakre a se pawòl ki rapòte fason Bondye ak pèp Li a ap aji youn ak lòt. Li genyen de pati, **Ansyen Testaman** an, li te ekri avan Jezi te fèt, epi **Nouvo Testaman** an, ki rapòte lavi ak ansèyman Jezi ak disip li yo. Ansyen Testaman an genyen 39 liv nan kat seksyon : (1) Lalwa, (2) Istwa, (3) Literati sajès, epi (4) Pwofèt yo. Nouvo Testaman an genyen 27 liv nan kat seksyon : (1) Levanjil yo, (2) Travay apòt yo, (3) Lèt apòt yo, epi (4) Apokalips.



## KONPRANN LABIB

### I. LABIB SAN PARÈY

Kisa ki fè Lbib espesyal ? Kisa ki fè li pa menm jan ak lòt liv yo ? Li vèsè sa yo pou ou kapab konprann kote Labib sòti epi poukisa li san parèy.

- ❖ *Toudabò, se pou nou konnen pa genyen okenn pwofesi nan Lekriti ki se pwòp espplikasyon yon moun. Paske, se pa nan volonte moun, pwofesi janm soti. Men, moun ki sen, moun ki moun Bondye, te pale selon jan Lespri Sen te dirije yo (2 Pyè 1 :20-21).*
- ❖ *E, se bagay sa yo nou preche. Nou pa preche yo dapre pawòl sajès lèzòm anseye, men, dapre pawòl Lespri Sen an anseye. Kifè, nou esplike moun ki gen Lespri a bagay Lespri a (1 Korentyen 2:13).*
- ❖ *Bondye soufle tout Lekriti. E, li itil pou anseye moun, pou fè moun obsèvasyon, pou korije moun, pou edike moun nan sa ki jis, dekwa pou moun Bondye kapab adapte tèt yo epi pou yo kapab byen fòme pou tout bon travay (2 Timote 3:16-17).*

***Dapre vèsè sa yo, ki kote Ekriti a pa sòti ?***

***Ki kote Ekriti a sòti ?***

***Kisa ou panse "Bondye soufle" a vle di ?***

Labib diferan pami lòt liv lezòm ekri. Se Bondye ki sous Ekriti a ; Se nan Li Ekriti a sòti, epi se Jezi ki nan kè mesaj Labib la. Lespri Sen Bondye a te pouse moun ki t ap ekri yo, e li t ap veye, je kale sou sa yo t ap ekri a dekwa pou Labib pa lòt bagay men laverite. Yo rele sa : **enspirasyon**, se sa Ekriti a te vle di lè li te di "Bondye soufle" a.

*Lè ou konnen Labib se yon liv Bondye enspire, kòman sa fè w santi w lè w ap li l ?*


## 2. LABIB ITIL

Li 2 Timote 3:16-17 ankò: “ Bondye soufle tout Lekriti. E, li itil pou anseye moun, pou fè moun obsèvasyon, pou korije moun, pou edike moun nan sa ki jis, dekwa pou moun Bondye kapab adapte tèt yo epi pou yo kapab byen fòm pou tout bon travay ”. Ekriti a itil nan kat fason :

- 1) **Anseye** – li bay laverite ; li bay prensip pawòl Bondye ki enpòtan epi ki itil nan lavi chak jou.
- 2) **Repwoche** – li konvenk nou lè nou antò ; se Lespri Sen an ki sèvi ak Labib pou l ka rive fè sa posib. Tankou yon limyè ki nan fènwa, Labib fè nou dekouvri plizyè fason nou dezobeyi plan ak prensip Bondye yo dekwa pou nou tounen vin jwenn Bondye.
- 3) **Korije** – li repare nou e li mennen nou nan bon chemen an ankò.
- 4) **Fòm nan sa ki jis** – Li bay egzòtasyon pou pèmèt moun gen karaktè ki sòti nan Bondye, epi lè sa li bannou fòs ak konpetans nan lavi.

Kat avantaj sa yo, se yo ki pi enpòtan pou **remanbre nou pou bon travay Bondye a**. Labib ap ede w vin yon moun ki djanm epi ki gen konpetans k ap pèmèt ou grandi nan Bondye ak rann sèvis.

*Nan ki fason ou panse Labib kapab plis itil ou ?*



### 3. LABIB EDE NOU

Sòm 119 fè lwanj pou Bondye pou Pawòl ekstwòdinè Li a. Tablo sa a fè yon lis sèt avantaj ou kapab jwenn nan Bib la pou laviw. Li vèsè sa yo epi ekri avantaj ou wè yo ki chita sou Pawòl Bondye a. Ekri yo nan espas vid yo ki nan tablo a.

SÒM 119	AVANTAJ
9 : Kòman yon jèn gason ka pirifye chemen li? Se lè li kenbe tèt li dapre pawòl ou.	
28 : Nanm mwen ap kriye akòz chagren: Leve m dapre pawòl ou!	
50 : Se konsolasyon m nan mizè m: Pwomès ou ban m lavi.	
52 : Letènèl, mwen sonje prensip ou yo nan tan lontan, Mwen konsole m sou yo.	
130 : Pòt pawòl ou louvri limyè, Li bay moun san konprann yo bon konprann.	
138 : Pòt pawòl ou louvri limyè, Ou tabli temwayaj ou avèk jistis, Yo fidèl anpil.	
143 : Detrès ak difikilte te jwenn mwen. Men, kòmandman ou yo fè m plezi.	

**\* Yon ti nòt espesyal** – Annayiti anpil moun pa genyen pwòp Bib pa yo, epi genyen lòt ki pa janm aprann li. Si ou genyen youn nan pwoblèm sa yo, pa enkyete w paske nou sansib pou sa ou gen bezwen, e Bondye sansib tou. Anpil nan premye kretyen yo pat genyen pwòp Bib pa yo, epi yo pat konn li tou. Jodi a ankò, anpil kwayan toupatou sou latè pa konn li, men **yo rive grandi nan relasyon yo ak Jezi**. Yo grandi paske yo patisipe nan lavi legliz kote yo tande Pawòl Bondye a preche.

Si ou pa genyen yon Bib, mande Bondye sa, epi mande legliz ede w jwenn youn. Menm si ou poko rive jwenn youn, sa enpòtan anpil pou al legliz ak nan etid Labib kote y ap li, preche epi anseye Labib nan fason ki fidèl. Si li enposib osnon difisil pou ou li, ou dwe chèche tou kèk kote ou kapab al koute Pawòl Bondye a epi kote yo ka reponn kesyon w yo pandan w ap pale ak lòt kretyen yo.

## GRANDI ANNDAN : KÒMAN OU DWE LI PAWÒL BONDYE A



Lè ou gade lekti pawòl Bondye a tankou yon pati enpòtan nan lavi w chak jou, sa ap pèmèt ou dekouvri pisans Bondye ki kapab chanje lavi a. Kòmanse yon lòt abitud mande pasyans ak pratik. Nan seksyon sa a, ou pral aprann kèk etap pratik pou ede w pran abitud li Labib. Genyen plizyè fason ou kapab etidye Labib. Pandan anpil syèk, Kreyen toupatou sou latè devlope pratik sa yo epi yo anseye lòt moun. Men youn nan metòd pou etidye Labib yo.

### I. AVAN OU LI PAWÒL BONDYE A

- ❖ **Ou dwe pare pou ou rankontre Bondye** – Avan ou kòmanse li Labib, ou dwe pran konsyans ke se yon moman kote ou pral rankontre ak Bondye, kote ou pral pèmet Li pale avèk ou. Genyen yon lidè kreyen nan tan lontan ki te di : “Chak fwa w ap li Levanjil la, se Kris Limenm ki ap pale avèk ou, epi lè w ap li, se lapriyè w ap lapriyè, se pale w ap pale avèk Li” (Bichòp Tikhon nan Zadonsk). Labib fè pwomès sa a : “*Pwoche kote Bondye, e li va pwoche kote nou*” (Jak 4:8).
- ❖ **Chwazi yon tan ak yon kote apa** – Mete apa yon tan ak yon ti kote pou ou rankontre ak Bondye. Ou kapab li Labib nenpòt lè e nenpòt kote. Men lè ou chwazi yon lè egzat, apa, yon kote ou abitye, sa ap ede w epi sipòte rankont ou genyen ak Bondye a. Yon moman tankou bonè nan maten, avan moun leve nan kabann, lè pa gen bri epi avan aktivite jounen an tanmen. Genyen moun ki prefere tan lannwit avan yo al kouche nan kabann, lè kò yo ak lespri yo ap poze. Kèlkeswa lè ou pi renmen an, se yon bon bagay pou ou fè sa nan menm lè a ak menm kote a chak jou, menm jan preske tout kreyen wè sa, dekwa pou ou fè sa vin tounen yon disiplin k ap kontinye.
- ❖ **Devlope yon plan** – Anpil kreyen pa konnen ki kote yo dwe kòmanse lè y ap li Labib. Yon bon kote ou dwe kòmanse se nan Nouvo Testaman an avèk Levanjil Jan an. Apre ou kapab li plis, epi etidye lòt liv yo nan Ansyen ak Nouvo Testaman an. Li sèlman yon ti pòsyon chak fwa. Ou pa bezwen twò prese. Objektif la se tande ou bezwen tande Bondye.

### 2. LI PAWÒL BONDYE A

- ❖ **Lapriyè** – Avan ou kòmanse li, poze lespri w epi prepare kè w ak tèt ou pou ou kapab prezante yon priyè senp devan Bondye. Mande Bondye pale ak ou epi ede w pou ou kapab tande L. Mande L ba ou fòs pou ou kapab fè sa Li di w. Prepare w pou Lespri Sen an ki te enspire moun ki te ekri Ekriti sakre a pou L enspire kè w.
- ❖ **Li** - Chwazi yon ti mòsi Ekriti, yon chapit osnon mwens ke sa ta dwe ase. Ou mèt li dousman, anmenm tan medite epi priye. Se pa yon kous w ap fè, ou konnen ki kantite ou kapab li. Se yon ti tan pou kont ou, yon bagay sakre pou ede w tande vwa Bondye aklè epi pou ou reponn mesaj li voye pou ou a. Se pou ou li pasaj la plis pase yon sèl fwa, pou ou rive santi mo yo ak fraz yo ki pale ak ou yo, oswa pwòmès ki kapab vle di w yon bagay espesyal. Sonje, “*Bondye soufle tout Lekriti.*”

*E, li itil pou anseye moun, pou fè moun obsèvasyon, pou korije moun, pou edike moun nan sa ki jis ” (2 Timote 3:16).*

- ❖ **Reflechi** – Pase yon ti tan ansilans epi kite Pawòl la penetre kè w. Pawòl Ekriti a di : *“Benediksyon pou moun. . . ki pran plezi l nan lalwa Letènèl, epi ki medite sou li lajounen kon lannuit” (Sòm 1:1-2).* Ou te ka vle poze tèt ou kesyon sa yo : (1) Kisa pasaj sa di konsènan kilès Bondye ye? (2) Kisa sa l vle di konsènan kilès lòm ye? (3) Kisa li di sou rapò Bondye genyen ak moun ? (4) Ki konsèy li bay sou fason mwen ta dwe priye ? (5) Kisa li di sou sa mwen ta dwe fè ?
- ❖ **Reponn** – Kounye a ou fin ouvri kè w devan pawòl Bondye a, sa ou dwe anvi se rive fè volonte Bondye. Se pou ou pare pou ou fè sa Bondye mande w fè nan tout pati nan lavi w : **lavi w deyò**, aktivite w yo ak relasyon w avèk lòt yo ; epi **lavi w anndan**, fason lespri w ye, entansyon w yo, epi angajman ou pran. Fè pwòp lapriyè pa w pou ou reponn. Chanje pawòl Labib yo, fè yo tounen priyè pou fè w deside fè volonte Bondye avèk sipò Lespri Sen an. William Law te di : *“Lè w ap li yon pasaj epi ou jwenn yon pòsyon ki bay kè w yon kout pouch pou vanse kot Bondye, fè sa vin tounen yon sijè lapriyè, epi mete l nan lis pou priyè ou dwe fè yo.”*

### 3. PRAN ABITID LI PAWÒL LA

Eseye pratike metòd sa a pou ou li nan I Korentyen I 3. Pran san w swiv tout etap yo.

- ❖ **Lapriyè** – Chita byen trankil pandan yon ti tan. Ouvri kè w bay Bondye avèk yon priyè tou ba. Mande Bondye pale avèk ou epi ede w pou ou tande vwa L.
- ❖ **Li - Li** I Korentyen I 3:4-8 tou dousman kòm si ou t ap lapriyè. Li pasaj la ankò ; pran san w koute epi eseye dekouvri kèk mo espesyal, kèk fraz, kèk pwòmès. Si ou pa konnen kisa yon mo vle di, pa enkyete w. Gade je w louvri sou mo Bondye ap montre w yo.

*Lamou gen pasyans ak bonte. Lamou pa anvye moun. Lamou pa vante tèt li, li pa fè ògèy. Lamou pa fè bagay ki degradan, li pa chèche pwòp enterè l, li pa fache fasil, li pa konsidere mal yo fè l. Lamou pa kontan ak sa ki pa jis, men, li kontan ak laverite. Lamou sibi tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li sipòte tout bagay. Lamou p ap janm peri.*

- ❖ **Reflechi** – Chita ansilans epi pran tan gade sa Bondye ap di w. Gade kisa "lanmou" vle di. Kòman Bondye ap pale avèk ou konsènan bagay sa yo :
  - *Pasyans*
  - *Bonte*
  - *Pa anvye moun*
  - *Pa vante tèt li*
  - *Pa fè ògèy*
  - *Pa fè bagay ki degradan*
  - *Pa chèche pwòp enterè l*
  - *Pa fache fasil*
  - *Pa konsidere mal yo fè l*

- *Pa kontan ak sa ki pa jis, men ak laverite*
- *Sibi tout bagay*
- *Kwè*
- *Espere*
- *Sipòte tout bagay*
- *P ap janm peri*

❖ **Lapriyè epi Reponn** – Fè pwòp priyè pa w. Sèvi ak mo ou te li yo pou ede w. Pran angajman ak tèt ou pou ou kapab viv pawòl laverite sa yo.

#### 4. PRAN ANGAJMAN AK PAWÒL LAVERITE SA YO

Pran yon ti tan ak mentò w, diskite kòman ou pral fè pou kòmanse tabli disiplin pou ou toujou li Labib. **Ekri panse sa yo ak angajman ou pran yo.**



Avek Mentò ou a, epi lòt disip yo, **priye ansanm** pou nou mande Bondye dirije chimen w, pou fòtifye epi proteje w, epi ba ou sa ou bezwen pou w viv chak jou.

**Chak jou pandan semèn sa a, li Sòm 119: 105, “Pawòl se yon lanp pou pye m, yon limyè sou chemen m.”**

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo fèt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

